

Kawolin di Sid: Fèy Enfòmasyon Chak De Semèn Siklòn Ian – 17 fev. 2023

Release Date: Feb 17, 2023

Rekiperasyon selon Chif yo

- FEMA ak Administrasyon Ti Biznis Etazini te apwouve **\$4,37 milyon nan asistans federal** pou sivivan Siklòn Ian, ki te frape Kawolin di Sid an **sept. 2022**. Sa genyen ladann:
 - **\$2 464 683** nan asistans FEMA te apwouve pou endividi ak fwaye ki genyen ladann:
 - **\$2 087 443** ki te apwouve pou asistans lojman
 - **\$377.240** te apwouve pou lòt bezwen ki anrapò ak dezas
 - **\$1 912 000** nan prè dezas SBA ki te apwouve pou pwopriyetè, lokatè ak biznis
- Dat limit pou aplike pou asistans dezas FEMA se **lendi 23 jan. 2023**.

Mesaj Kle

Yon Kont Sou Entènèt Pral Kenbe w an Kontak Avèk FEMA

- N ap ankouraje sivivan dezas ki te aplike pou asistans FEMA pou kreye yon kont sou entènèt pou rete konekte ak FEMA gras ak pwosesis anrejistreman an. Kreye yon kont sou entènèt sou DisasterAssistance.gov bay yon aksè pi rapid ak enfòmasyon ak sipò FEMA enpòtan yo, kèlkeswa jou fereye, lè biznis nòmal oswa disponiblite pèsònèl.
 - FEMA angaje pou asire ke pwosesis rekiperasyon chak sivivan kontinye avanse. Nan ka sa a, kandida ki genyen kont sou entènèt yo kapab:
 - Verifye sitiyasyon aplikasyon ak enspeksyon an.
 - Mete enfòmasyon pèsònèl ou ajou, tankou adrès postal aktyèl ak nimewo telefòn.
 - Gade korespondans FEMA yo san enkyetid.



FEMA

Page 1 of 3

- Tansfere dokiman enpòtan tankou yon lèt refi asirans oswa antant, prèw ke pwopriyete ki domaje a se te rezidans prensipal ou lè dezast la te fèt la.
- Jwenn aksè ak yon Biwo Asistans pa Entènèt FEMA 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn pou rezoud pwoblèm kont ou yo.
- Genyen kapasite pou mande yon enspeksyon sou baz kèk sikonstans. Li enpòtan pou w konprann ke w ka fè yon demann enspeksyon sou entènèt pa dezast.
- Pou kreye oswa jwenn aksè ak kont sou entènèt ou a, rele Biwo Asistans lan 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn **1-800-745-0243** oswa vizite: www.disasterassistance.gov/help/faqs pou aprann plis.

Kijan pou w fè yon Kontestasyon Desizyon FEMA

- Pati ki pi enpòtan nan kontestasyon yon detèminasyon FEMA se konnen dat limit ou yo. Ou genyen 60 jou apati dat FEMA genyen sou lèt detèminasyon an pou voye yon kontestasyon bay FEMA.
- Li enpòtan pou mete dokiman oswa enfòmasyon ke FEMA te mande e asire w ke w te mete yon kopi lèt detèminasyon FEMA a. FEMA gendwa mande w tou lèt asirans pwopriyete w, dokiman ki pwouve w ap viv nan kay la, dokiman ki pwouve ke w se pwopriyete oswa estimasyon kontraktè pou reparasyon yo.
 - Pa bliye siyen ak mete dat sou lèt kontestasyon w lan epi voye li pa lapòs bay: **Sant Sèvis Tretman Nasyonal FEMA, P.O. Box 10055, Hyattsville MD 20782-8055**
 - Oubyen voye li pa faks bay: **800-827-8112 Attention: FEMA**

Asistans Legal Dezast

- **Asistans Legal Dezast Gratis** Salè fèb ak rezidan vilnerab ke Siklòn lan te afekte epi ki pa gen mwayen pou pran pwòp avoka yo gendwa rele **877 797-2227, Ekst.120**, oswa rele ling Kawolin di Sid la nan **803-576-3815** pou mande asistans. **Ling yo ouvè soti 9è a.m. rive 5è p.m. lendi a vandredi.**
 - Sivivan lan yo gendwa kontakte tou Sèvis Legal Kawolin di Sid nan **888-346-5592** soti **9è a.m. rive 6è p.m. soti lendi rive jedi** oswa soumèt yon demann pou sèvis legal dezast www.lawhelp.org/sc/online-intake.

Kòman pou w Dokimante ke w se Pwopriyete epi ke w Prezan nan Kay la pou FEMA



FEMA

Page 2 of 3

- FEMA dwe detèmine pwopriyetè epi ke moun nan abite nan rezidans prensipal ki andomaje a. FEMA te rann li fasil pou sivivan dezans nan konte Charleston, Georgetown ak Horry ki te sibi pèt nan Siklòn Ian pou verifye pwopriyete oswa prezans. [fema.gov/fact-sheet/how-document-home-ownership-and-occupancy-fema-0](https://www.fema.gov/fact-sheet/how-document-home-ownership-and-occupancy-fema-0)



FEMA

Page 3 of 3